# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# उड़ाऊ बेटा




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen; Sarah S.


कहानी 45 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri



यीशु के परमेश्वर की क्षमा की बारे में लोगन के बतावल बहुत प्रिय लागत रहल। लेकिन यहूदी अगुवा लोग उनकर पापी लोगन की संगे रहला की बारे में अउर उनकर दोस्ती की बारे में शिकायत कइलें।

1



तब यीशु उन लोगन के तीन गो कहानी बतवलें जेवना से पता चलेला कि जब कवनो पापी अपनी पापन की खातिर पछतालें तब परमेश्वर उनसे खुश होखे लें।

2


पहिला कहानी सौ भेड़ वाला एगो चरवाहा क रहल। एगो भेड़ भुला गइल।
3
फ़ौरन उ चरवाहा निन्यानबे भेड़न के छोड़ के ओ एगो के जोहे की खातिर निकल पड़लन।
4
चरवाहा खोजत रहलन जबतक की उ भेड़ मिल ना गोइल। फिर उ आनंद से ओके अपनी कान्ही पर रख के घरे ले अइलन। उ अपनी दोस्तन से कहलन, "हमरी संगे आनन्द मनावअ जा!
जेवन हमार भेड़ भुला गइल रहलि हअ अब उ मिल गइल बा।"
5
यीशु समझवलन, एगो पापी की पश्चाताप पर स्वर्ग में बड़ा खुशी अउर आनंद होखे ला। पश्चाताप क मतलब अपनी पापन की खातिर खेदित भइल अउर ओ के छोड़ला खातिर कठोर निर्णय लीहल!
6
'अगिला कहानी चांदी की दस सिक्कन वाली एगो महिला क हअ, शायद उ ओकरी पूरा जीवन क बचत रहल। एगो अभागिन बात घटित भइल; उनकर एगो सिक्का भुला गइल।
7
झाड़ लगा, लगा के! महिला हर जगह खोजली। अंत में उ भुलाईल सिक्का मिल गइल। उ बेहद खुश भइली। का आप अनुमान लगा सकीं लां उ का कइले होइहन? हँअ, उ अपनी सब दोस्तन के बतवली!
8



फिर यीशु समझवलन, एगो पापी के पश्चाताप पर स्वर्ग में स्वर्गदूतन की उपस्थिति में बड़ा खुशी अउर आनंद होखे ला।

9

यीशु जी तीसरका कहानी बतवलन; उ सबसे दुखद रहे। उ एगो लड़का की बारे में रहल; जेवन अपनी बाबूजी की घर के छोड़ के चल गइल रहल।



10

एगो बिरान देश में लड़का मूर्खता पूर्वक अपनी पइसा के खर्च कर दिहलस। अब उ का करी? एगो आकाल पड़ल, अउर मामला बदतर हो गइल। लड़का भूख से मरे लागल।



11

भूख से मायूस, लड़का के सूअर चरावे क एगो नौकरी मिलल। लेकिन ओ के केहु भी ना खियावल। तब उ सूअरन क छोड़ल खाना खाये लागल।



12

हँअ उ अइसने कइलन! अंत में, लड़का के होश आइल। उ सोचलस, "हमरी बाबूजी की घर में सेवक भी ए से बढ़ियाँ खाना खालें।"



13



"हम वापस घर जाइब अउर अपनी पापन की खातिर अपनी पिता जी से क्षमा मांगब। हम अब उनकर बेटा कहाये लायक त ना बानी। पर आशा रखत बानी कि उ हमके एगो नौकर की रूप में रख लीहन।"

14













उड़ाऊ बेटा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 15

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !